



Fòm Demann Kopi Dosye

Lwa sou Konpansasyon Travayè New York (Workers' Compensation Law, WCL) § 110-a kontwole aksè nan dosye ki gen enfòmasyon pèsònèl moun ki fè reklamasyon an. Pou yon moun ki fè demann ka resevwa kopi dosye yo, li dwe pwouve estati li antanke yon pati ki konsène nan reklamasyon an oswa bay yon otorizasyon apwopriye ki konfòm ak WCL § 110-a(3). Fòm Komisyon an kreye a se OC-110A (<https://www.wcb.ny.gov/content/main/forms/oc110a.pdf>). Ranpli tout fòm nan, mete "n/a" pou nenpòt chan ki pa konsène ou. Yo p ap trete fòm ki pa fin ranpli yo.

Fòk gen yon otorizasyon ki konfòm ak WCL § 110-a(3) nan dosye a sof si moun ki fè demann lan se yon pati dirèk ki konsène.

Li toutafè entèdi pou yon pati ki konsène oswa yon pati ki otorize jwenn aksè nan dosye yo selon yon otorizasyon ki konfòm ak WCL § 110-a(3) mande pou yo pataje dosye yo avèk yon tyès pati san otorizasyon apwopriye.

Enfòmasyon sou Moun ki Fè Demann lan:

Non Moun ki Fè Demann lan/Antrepriz la:	
Adrès Postal Moun ki Fè Demann lan:	
Adrès Imèl Moun ki Fè Demann lan:	
Wòl Moun ki Fè Demann lan: <small>Moun ki Fè Reklamasyon/Anplwayè, Pwofesyonèl Swen Sante, Elatriye</small>	
Si se Repezantan Moun ki Fè Reklamasyon an, Mete nimewo l:	

*Pou moun ki fè demann yo bay aksè selon fòm OC-110A, si adrès imèl ou bay nan fòm sa a pa menm ak sa ki nan fòm OC-110A, oswa yon domèn pwofesyonèl prive yo ka idantifye pou pati ki otorize a, y ap voye dosye yo nan adrès imèl ki nan fòm OC-110A.

Estati OC-110A:

- OC-110A deja nan dosye a. Nimewo idantifikasyon dokiman oswa dat li soumèt li si w konnen l _____
- Li soumèt fòm OC-110A avèk dokiman sa a.
- OC-110A pa nesèsè piske moun ki fè demann lan se yon pati ki konsène.
- Li soumèt lòt otorizasyon orijinal (siyati ak lank imid) ki notarye epi konfòm ak WCL § 110-a(3) .
Nimewo idantifikasyon dokiman oswa dat li soumèt li si w konnen l: _____

Dosye li Mande yo:

Fòk li byen dekri dosye l mande yo pou pèmèt manm pèsònèl Komisyon yo jwenn dosye l ap chèche yo.

Non Moun ki Fè Reklamasyon an:	
Nimewo Dosye WCB a ak/oswa Dat Chòk la (obligatwa):	
Nimewo Sekirite Sosyal Moun ki Fè Reklamasyon an (kat dènye chif yo):	Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan:
Anplwayè a:	

Kalite Dokiman yo:	Dat Dosye li Mande yo:
<input type="checkbox"/> Tout Dokiman yo	
<input type="checkbox"/> Rapò Medikal yo	
<input type="checkbox"/> Rapò IME yo	
<input type="checkbox"/> Desizyon yo	
<input type="checkbox"/> Rapò sou Aksidan	
<input type="checkbox"/> Lòt (Dekri)	



Pwosesis Verifikasyon:

Tout moun ki fè demann yo, san wete pati ki konsène ak pati ki pa konsène ki mande yon otorizasyon ki konfòm ak WCL § 110-a(3) yo, dwe sibi verifikasyon lè yo bay idantifyan ki sifizan. Yo ka verifye pifò moun ki fè demann yo lè yo bay enfòmasyon yo mande nan seksyon Enfòmasyon sou Moun ki Fè Demann lan ak seksyon Dosye yo Mande yo ki nan fòm sa a. Gade **“Objektif Fòm sa a”** pou jwenn yon lis konplè ki gen idantifyan pou chak kalite POI. **Enfòmasyon verifikasyon ki pa konplè ka fè yo refize oswa retade demann ou an.**

Moun ki fè reklamasyon yo ka bay plis enfòmasyon nan dosye yo a, tankou:

Dat Nesans:	Nimewo Telefòn:
Kote I Pran Chòk la (Pati ki Blese nan Kò a):	
Kote Aksidan an Te Fèt la (Vil/Konte):	
Non Konpayi Asirans lan:	
Non Doktè a oswa Lopital la:	
Non Avoka Moun ki Fè Reklamasyon an:	
Dat Dènye Odyans lan/Reyinyon an:	Dat Dènye Desizyon an:
Konklizyon Afè a (AWW, To Konpansasyon, ANCR/ODNCR):	

Mwen sètifye, antanke moun ki fè demann lan, mwen mande dosye sa yo pou yon objektif apwopriye selon WCL § 110-a, mwen pa mande dosye sa yo nan kad evalyasyon aptitud oswa kapasite mwen pou travay (gade WCL §§ 110-a(3) ak 125), epi mwen p ap repataje dosye sa yo yon fason ki pa legal (gade WCL § 110-a[4]).

Siyen la

Dat

Soumèt Fòm Sa a:

Imèl	Adrès Lapòs	Telechajman Wèb
wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov	NYS Workers' Compensation Board Centralized Mailing Address PO Box 5205 Binghamton, NY 13902-5205	https://wcbdoc.services.conduent.com/

Objektif Fòm Sa a

Objektif fòm sa a se pou mande kopi dosye ki gen pou wè ak yon reklamasyon Konpansasyon Travayè New York espesifik (oswa plizyè reklamasyon espesifik). Men fason pou yo verifye moun ki fè demann yo:

Moun ki fè demann yo otorize selon fòm OC-110A oswa otorizasyon ak lèt notarye ki konfòm ak WCL § 110-a(3) yo dwe bay:

Obligatwa	2 nan Sa ki Vini Annapre yo
Nimewo WCB	Non moun ki otorize a Adrès moun ki otorize a Non anplwayè a Dat Chòk la 4 dènye chif yo Nimewo Sekirite Sosyal moun ki fè reklamasyon an

Moun ki fè reklamasyon yo dwe bay swa 2 idantifyan prensipal swa 1 idantifyan prensipal ak 3 idantifyan segondè. Pito ou bay kantite idantifyan ou kapab pou asire w enfòmasyon ou bay yo koresponn ak enfòmasyon ou te itilize lè yo t ap monte dosye w la.

Idantifyan Prensipal yo	Idantifyan Segondè yo
Nimewo WCB 4 dènye chif nimewo sekirite sosyal Nimewo dosye konpayi asirans lan	Non Anplwayè a Dat aksidan an fèt Dat nesans Kote I pran chòk la (pati ki blese nan kò a) Adrès aktyèl oswa ansyen adrès Nimewo telefòn aktyèl Non konpayi asirans lan Kote aksidan an fèt Non doktè a oswa lopital la Non avoka a Kote odyans lan fèt Dat dènye odyans lan/reyinyon an Dat dènye desizyon an Konklizyon afè a

*Yo verifye benefisyè oswa moun ki responsab yon Moun ki Fè Reklamasyon ki se yon minè avèk menm kritè yo itilize pou Moun ki Fè Reklamasyon an.

Anplwayè yo, konpayi asirans yo/TPA yo, avoka yo, ak avoka moun ki fè reklamasyon an dwe bay enfòmasyon ki vini annapre yo:

Obligatwa
Nimewo WCB Dat chòk la Nimewo dosye konpayi asirans lan (si w konnen l, 4 dènye chif nimewo sekirite sosyal moun ki fè reklamasyon an)
Avoka yo ka bay nimewo Repezantan tou oswa dat avans sou onorè a.

Pwofesyonèl Swen Sante k ap Fè Tretman yo dwe genyen omwen yon Rapò Medikal C-4/ oswa C-4 AUTH nan dosye a (oswa montaj dosye).

Obligatwa	2 nan Sa ki Vini Annapre yo
Nimewo WCB	Dat chòk la Nimewo dosye konpayi asirans lan 4 dènye chif nimewo sekirite sosyal moun ki fè reklamasyon an Lòt enfòmasyon ki soti nan Fòm C-4 (dat nesans, elatriye)

Remak: Yo pa bay Medsen Lejis Endepandan yo aksè dirèk epi yo ta dwe adrese yo ak antite ki mande sèvis yo bay yo.

Remak: *Sof si yo presize sa yon lòt manyè, lè yo bay yon antite komèsyal aksè, tout manm pèsonèl antite komèsyal sa a anplwaye genyen aksè tou. Komisyon an pa responsab chanjman ki fèt nan pèsonèl oswa enfòmasyon pou pran kontak bokòte moun ki fè demann lan.*

Li toutafè entèdi pou yon pati ki konsène **oswa yon pati ki otorize jwenn aksè nan dosye yo selon yon otorizasyon ki konfòm ak WCL § 110-a(3)** mande pou yo pataje dosye yo avèk yon tyès pati san otorizasyon apwopriye. Selon WCL § 110-a(3), se moun oswa antite yo bay aksè a ki dwe fè demann lan dirèkteman.

Tyès pati yo dwe mete yon otorizasyon ki konfòm ak Lwa sou Konpansasyon Travayè § 110-a, tankou fòm OC-110A aktyèl la. Pa bliye “moun” yo bay yon dosye ka yon antite komèsyal, men **otorizasyon** pa **pou** ajan separe antite komèsyal sa a tankou sèvis koleksyon oswa sèvis fotokopi dosye. **Fòk ajan yo genyen otorizasyon pa yo (sa ki ka fèt nan menm fòm otorizasyon an)**. Adrès imèl pou voye dosye yo ale a dwe menm oswa li dwe asosye aklè, atravè yon domèn imèl pwofesyonèl, ak adrès imèl ki endike sou otorizasyon an.

Lwa sou Konpansasyon Travayè §§ 110-a(3) jiska 110-a(6):

Otorizasyon endividyèl. Menm si sibdivizyon 1 nan seksyon sa a limite pataj dosye konpansasyon travayè a, yon moun dosye a konsène ka otorize yo pataje dosye sa a avèk yon moun ki pa gen otorizasyon pou li resevwa dosye sa a. Pou l fè sa, l ap voye bay komisyon an yon fòm otorizasyon alekri prezidan komisyon an apwouve oswa bay yon otorizasyon notarye ki di komisyon an aklè pou l pataje dosye konpansasyon travayè li an avèk moun sa a. Men, selon seksyon sanvensenk (125) nan atik sa a, nenpòt otorizasyon ki vize pèmèt yo pataje dosye ou yo avèk yon pwochen anplwayè p ap valid. Se menm jan an, nenpòt otorizasyon ki pèmèt yo pataje dosye w yo pou yo evalye aptitud oswa kapasite w pou travay pa valid. Yo pa kapab pataje okenn dosye sou baz otorizasyon sa yo. Pèsonn pa gen otorizasyon pou l itilize lefètke yon moun refize bay otorizasyon selon soubdivizyon sa a kòm motif pou deside si li kalifye pou yon avantaj oswa pou pran mezi ki gen pou wè ak travay kont moun sa a.

Nenpòt moun ki resevwa kopi dosye komisyon an oswa enfòmasyon pèsonèl ki nan dosye komisyon an pa gen otorizasyon pou pataje enfòmasyon sa yo avèk okenn moun ki pa gen dwa legal pou jwenn dosye sa yo. Se yon bagay ki ilegal.

Nenpòt moun ki fè ekspre li bay manti pou l ka jwenn dosye konpansasyon travayè ki gen enfòmasyon pèsonèl oswa ki vyole seksyon sa a yon lòt mannyè komèt yon enfraksyon klas A. Si yo jwenn li koupab, li kapab peye yon amann ki ka rive jiska mil (1000) dola.

Anplis oswa nan plas nenpòt pwosedi penal ki otorize selon seksyon sa a, si yon moun pa respekte seksyon sa a, pwokirè jeneral la ka mande yon tribinal oswa jij ki gen jiridiksyon, nan non popilasyon Eta New York la rann yon òdonans (ki rele enjonksyon) pou mete fen nan enfraksyon an. Men, fòk li enfòme defandè a omwen senk jou alavans. Si tribinal la oswa jij la kwè defandè a te vyole seksyon an, li kapab rann enjonksyon an pou l anpeche enfraksyon an rapousuiv, menm si okenn moun pa t sibi mekanste ni domaj toutbonvre. Nan nenpòt pwosedi konsa, tribinal la ka bay pwokirè jeneral la avantaj ki prevwa nan paragaf sis nan sibdivizyon (a) nan seksyon uit mil twasantwa (8303) nan lwa ak règ pwosedi sivil la, epi li kapab bay lòd pou fè restitasyon. Nenpòt lè tribinal la detèmine yon moun vyole seksyon sa a, li ka enpoze yon amann sivil ki se yon montan maksimòm senk san (500) dola pou premye enfraksyon an epi yon montan maksimòm ki se mil (1000) dola pou dezyèm enfraksyon an oswa enfraksyon ki vini apre a nan yon peryòd twa lane. Nan kad yon demann konsa, pwokirè jeneral la gen otorizasyon pou l pran prèv yo epi pran yon desizyon sou fè ki enpòtan yo epi bay sitasyon pou konparèt selon lwa ak règ pwosedi sivil yo.

Abrevyasyon yo:

Board	Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York
DB	Avantaj pou Andikap
ITIN	Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl
PFL	Konje Familyal Peye
SSN	Nimewo Sekirite Sosyal
WC	Konpansasyon Travayè